**दिन–सोमवार** **दिनांक–21.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

जीएसटी मे आइ सँ नव सुधार शुरू भऽ गेल अछि। नव कर ढ़ांचा के तहत जीएसटी परषिद द्वारा अप्रत्यक्ष कर प्रणाली के पांच प्रतिशत, बारह प्रतिशत, अठारह प्रतिशत आओर अठाईस प्रतिशत के चारि स्तरीय संरचना सँ सरल बनाके पांच प्रतिशत आओर अठारह प्रतिशत के दू स्तरीय संरचना मे बदलि देल गेल। एहि सुधार सँ विभिन्न वस्तु आओर सेवा सभ पर कर कम कऽ के नागरिक के प्रत्यक्ष राहत प्रदान करबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जीएसटी सुधार के अर्थव्यवस्थाक एकटा नव युगक शुरूआत कहलनि। प्रधानमंत्री काल्हि एहि व्यापक सुधार के शुरू करबाक पूर्व संध्या पर राष्ट्र के संबोधित करैत कहलनि जे एहि सँ आम जनता के पैघ राहत भेटत। श्री मोदी सभ के शुभकामना देलनि आओर स्वदेशी के उपयोग करबाक आह्वान कयलनि।

---

आइ सँ सुधा दुग्ध उत्पादक दाम मे कटौती कयल गेल। कॉम्फेड एहि उत्पादक दाम मे बहुत कटौती के ऐलान कयने रहथि। एहि अनुसार सुधा मक्खन के दाम मे एक रूपैया सँ पांच रूपैया तक के, सुधा पनीर के दाम मे एक रूपैया सँ पांच रूपैया तक आओर सुधा घी के दाम मे पांच रूपैया तक कटौती कयल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जीएसटी दर मे कटौती आओर सुधारक लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आभार व्यक्त कयलनि अछि। श्री कुमार आइ सोशल मीडिया पोस्ट मे जीएसटी सुधार के सराहना करैत कहलनि अछि जे एहि सँ आम जनता के बहुत पैघ राहत होयत। ओ कहलनि जे सभ दिनक उपयोग मे आबयबला चीज सस्ता होयबा सँ बजार मे खुशहाली आयत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ एगारह हजार करोड़ रूपैया सँ बेसी के लागति बला विभिन्न विकास परियोजना सभक शिलान्यास आओर उद्घाटन कयलनि। पटना मे आयोजित

एकटा समारोह मे श्री कुमार द्वारा पशु एवं मत्स्य संसाधन विभाग अंतर्गत राज्य आओर जिला स्तरीय संसाधन आओर प्रशिक्षण केन्द्र आ पशु चिकित्सालयक उद्‌घाटन कयलनि। श्री कुमार काम्फेड अंतर्गत पूर्णियां मे कृत्रिम गर्भाधान प्रशिक्षण केन्द्र आओर दुग्ध उत्पाद निर्माण संयंत्र के विस्तारीकरणक कार्य कऽ शुभारंभ कयलनि। मुख्यमंत्री पथ निर्माण विभागक अंतर्गत पटना, मुजफ्फरपुर, छपरा, सीवान, बांका, मुंगेर आओर भागलपुर के संगहि भोजपुर नवादा आओर नालंदा जिला मे कतेको पथक निर्माण कार्यक शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार स्मार्ट सिटी परियोजनाक अंतर्गत पटनावासी सभ के पंद्रह करोड़ टाकाक लागति सँ निर्मित मौर्यालोक परिसरक सौगात देलनि।

———————————————————————————

राज्य सरकार शिक्षक भर्ती चारिम चरण टीआरई–फोर के तहत छब्बीस हजार पद पर बहाली के घोषणा कयलनि। शिक्षा मंत्री सुनिल कुमार आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे एहि संबंध मे आबयबला तीन–चारि दिनक भीतर खाली सीट बीपीएससी के पठा देल जायत। ओ कहलनि जे एकर बाद यदि खाली सीट बचत तऽ हुनका लोकनि के टीआरई–फाइव मे जोड़ल जायत।

———————————————————————————

शक्ति स्वरूपा देवी दुर्गा के अराधनाक अनुष्ठान शारदीय नवरात्र आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। अनुष्ठानक पहिल दिन आइ मां दुर्गा के शैल पुत्री स्वरूपक पुजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। नवरात्र के लऽ कऽ मिथिला सहित पूरा प्रदेश भक्तिमय अछि। कतेको सार्वजनिक पूजा समिति सभक दिस सँ प्रतिमा आओर पूजा पंडाल के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। जिला मुख्यालय सँ हमर संवाददाता कहलनि जे प्रदेश भरि मे भोरे सँ मंदिर सभ मे आओर शक्तिपीठ सभ मे श्रद्धालु सभक भीड़ देखल जा रहल अछि। पटना के प्रसिद्ध शक्तिपीठ बड़ी पटनदेवी आओर छोटी पटनदेवी, गोपालगंजक थावे मंदिर, सारण के दिघवाड़ा स्थित आमी मंदिर, आरा के अरण्यदेवी मंदिर सासाराम स्थित तारापीठ, दरभंगा के मां श्यामा काली मंदिर, खगड़िया के कात्यानी शक्तिपीठ आओर मुंगेरक मां चंडीका शक्तिपीठ मे श्रद्धालु सभक पैघ–पैघ कतार देखल जा रहल अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के नवरात्री के बधाई आओर शुभकामना देलनि।

———————————————————————————————

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आइ बक्सर जिला के सिमरी मे कलश स्थापना समारोह मे भाग लेलनि। श्री खां सामूहिक विवाह समारोहक उद्घाटन कयलनि।

———————————————————————————————

समाप्त